



Pou Piblikasyon Imedya: 20/04/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$1.8 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON  
KONSÈVASYON POU RANFÒSE TOURIS, PWOTEKSYON TÈ AGRIKÒL AK AKSÈ  
REKREYASYON POU PIBLIK LA**  
*Finansman derape yon Seri Evènman nan Earth Week*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$1.8 milyon dola sibvansyon nan Pwogram Patenarya Konsèvasyon pou 55 land trusts ki pa pou pwofi atravè Eta a. Reprezantan nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman (DEC) ak Land Trust Alliance te devwale benefisyè yo nan yon evènman jodia nan Teatown Lake Reservation nan Konte Westchester. Anons la lanse pou tout yon semèn selebrasyon Latè, ki rekonèt angajman New York pou l pwoteje anviwonman nou an, konsève espas ki ouvri, ogmante aksè nan gwo resous natirèl ak fòmida eta a, aplike inisyativ enèji pwòp ak prepare pou efè nan chanjman klima a.

“Resous natirèl New York jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi nou an, e jodia nou fè yon lòt pa nan direksyon pou n pwoteje ak prezève yo pou jenerasyon ka p vini yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Avèk sibvansyon sa yo, Fon Pwoteksyon Anviwonman New York ap garanti finansman enpòtan pou anviwonman ak pwogram pou espas ki ouvri kap kontinye pwoteje anviwonman nou an, kreye travay ak revni nan kominote lokal yo ak asire yon New York ki pi pwòp ak pi an sante.”

Sibvansyon yo, ki te finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwonman (EPF), pral pote \$1.7 milyon adisyonèl nan fon lokal ak prive pou sipòte pwòje pou pwoteje tè agrikòl, abita fòn, kalite dlo, amelyore aksè piblik pou opòtinite lwazi deyò, ak konsève priyorite zòn espas ouvri enpòtan yo pou sante kominotè, touris ak devlopman ekonomik rejyon an. Land Trust Alliance administre Pwogram Konsèvasyon Patenarya an kowòdinasyon avèk DEC.

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwonman Joe Martens te deklare, “Patenarya DEC avèk land trusts enpòtan pou reyalizasyon objektif nou, san yo gen anpil pwòje konsèvasyon tè ki tap enposib. Gouvènè Cuomo kontinye demontre angajman li nan anviwonman, divèsite, ki bay opòtinite pou fi ak gason kap fè espò, ak amelyore opòtinite aksè lwazi toupre kote moun rete nan Eta New York. Bidjè ane sa a te bay yon ogmantasyon \$15 milyon pou Fon Pwoteksyon Anviwonman enkli ogmante akizisyon tè pak minisipal ak sibvansyon jistis anviwonman.”

12<sup>yèm</sup> wonn sibvansyon Pwogram Patenarya Konsèvasyon an te administre pa DEC, e pral ede land trusts lokal kenbe ak elaji kominote ak inisyativ sansibilizasyon mèt tè yo ak devlope yon seri pwogram konsèvasyon tè, gouvènans ak edikasyon. Sibvansyon yo pral pouwiv objektif devlopman ekonomik reyon an nan ranfòse patenarya avèk gouvènman lokal ak eta yo ak avanse lokalman efò pou pwoteje tè agrikòl, amelyore aksè piblik ak opòtinite lwazi, ak konsève tè prive priyorite yo nan Plan Konsèvasyon Espas Ouvè Eta New York ak plan aksyon fòn eta a. Land Trusts yo pral egalman aplike fon sibvansyon yo pou prepare pou akreditasyon, sipòte angajman land trust New York pou estanda nasyonal ki solid pou gouvènans san bi likratif ak ekselans òganizasyonèl.

Rand Wentworth, Prezidan Land Trust Alliance te deklare, “Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Komisyonè Joe Martens ak Lejislati Eta New York pou sipò fòmèdab yo sou inisyativ sa a ak aksyon yo pran pou amelyore EPF nan bidjè eta ane sa a. Anplizyè fwa nou wè kijan EPF ak pwogram patenarya konsèvasyon an se envestisman a ba pri ki peye enterè enpòtan pou sante piblik, kominote lokal yo ak ekonomi New York.”

Seth McKee, prezidan Komite Konsèy Land Trust Alliance’s New York Advisory Board ak direktè konsèvasyon tè pou Scenic Hudson te deklare, “Pwogram konsèvasyon patenarya te demontre siksè enpresyonan nan tout eta a nan sipòte land trusts nan kominote lokal nou yo. Ansanm avèk finansman eta pou konsèvasyon tè ak pwoteksyon tè agrikòl yo, pwogram sa a ede pou pwoteje ak pran swen eritaj natirèl New York ak travay tè, ak kreye santye, konsève ak jaden kominotè.. Li egalman benefisye ekonomi nou an, soti nan touris ak rekreyasyon anplennè pou agrikilti ak forè. Pwogram lan kontinye rete yon modèl pou EPF paske li inifye objektif Plan Konsèvasyon Espas ouvè New York yo, satisfè bezwen ak dezi minisipalite lokal yo, ak pèmèt mèt tè prive yo ak land trusts yo atenn objektif yo.”

Prim sibvansyon yo varye ant \$2,100 a \$75,000 dola. Pami 55 land trusts ki te jwenn sibvansyon yo te genyen plizyè òganizasyon lokal ki te chita nan Konte Westchester ki gen ladan: Teatown Lake Reservation, Mianus River Gorge, Westchester Land Trust, Bedford Aududon, Lewisboro Land Trust, North Salem Open Land Foundation ak Pound Ridge Land Conservancy.

Sibvansyon EPF-finanse a pral sipòte enfrastrikti vèt tou, santye ibèn ak pwogram jaden kominotè ki te administre pa Green Guerrillas ak Brooklyn-Queens Land Trust nan Vil New York, Kingston Land Trust, Capital Roots (formerly Capital District Community Gardens) nan Albany/Troy, Grassroots Gardens of Buffalo ak Buffalo Niagara Land Trust.

Lòt òganizasyon ki resevwa sibvansyon ane sa a gen ladan: Agricultural Stewardship Association, Champlain Area Trails, Columbia Land Conservancy, Dutchess Land Conservancy, Finger Lakes Land Trust, Genesee Land Trust, Hudson Highlands Land Trust, Mohawk Hudson Land Conservancy, North Shore Land Alliance, Otsego Land Trust, Peconic Land Trust, Saratoga PLAN, Thousand Islands Land Trust, Tug Hill

Tomorrow Land Trust ak Western New York Land Conservancy.

Pou yon rezime nan seri atribisyon sibvansyon yo ak anyè moun ki te resevwa yo, tanpri klike [isit la](#).

\$1.8 milyon dola te distribye nan rejyon ki annaprè yo:

- Western New York /Finger Lakes/Southern Tier: 11 prim totalize \$289,600
- Central New York/Mohawk Valley: 5 prim totalize \$127,000
- North Country: 9 prim totalize \$275,900
- Capital District: 18 prim totalize \$413,690
- Mid-Hudson: 27 prim totalize \$516,810
- Vil New York: 2 prim totalize \$51,000
- Long Island: 4 prim totalize \$126,000

Depi entwodiksyon pwogram lan an 2002, Pwogram Patenarya Konsèvasyon an te atribye plis pase 647 sibvansyon ki totalize \$11.3 milyon dola nan fon EPF nan 86 diferan òganizasyon land trust nan eta a. Envestisman eta te ogmante plis pase \$13 milyon dola nan finansman adisyonèl ki soti nan kominote lokal ak donatè prive yo.

Bidjè Eta 2015-16 la te ogmante Fon Pwoteksyon Anviwonman an de \$15 million a \$177 milyon. Yon \$20 milyon adisyonèl nan fon règleman Wall Street atribiye pou pwoteksyon pèmanan tè agrikòl nan Hudson Valley a pou ede garanti grenye alimantè Vil New York.

Rechèch resan yo te souliye kijan investisman New York nan konsèvasyon tè ak espas ouvè ranfòse valè tè yo, sipòte biznis lokal yo, ekonomize lajan kontribyab yo ak pwoteje sante piblik. Yon etid ki te fèt nan ane 2011 pa Trust for Public Land te jwenn ke chak dola investisman ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwonman New York jenere \$7 an total benefis ekonomik nan touris, redwi depans gouvènman ak sante piblik.

Sibvansyon EPF ki te anonse jodia pral sipòte efò lokal ki kontribye sibstansyèlman a rejyon Hudson Valley \$800 milyon dola sektè agrikilti ak \$4.3 bilyon dola ekonomi touris nan ede pou konsève tè agrikòl ki pi pwodiktif nan eta ak elaji aksè piblik a santye ak lòt zòn rekreyasyon popilè yo. Daprè Asosyasyon Endistri Anplennè, rekreyasyon anplennè nan New York sipòte dirèkteman 305,000 djòb nan eta, jenere \$15 bilyon dola nan salè ak revni taks.

Ou kapab jwenn yon kat ak yon lis konplè sou benefisyè sibvansyon 2015 [isit la](#).

Apwopo Land Trust Alliance la:

Land Trust Alliance se lidè nasyonal mouvman land trust America, kap sèvi 1,600 land trusts ki pa pou bi likratif nan tout peyi a, enkli 90 òganizasyon lokal nan New York. Alliance la travay pou l akselere mach la, ogmante kalite, ak asire pèmanans konsèvasyon kominote espas ouvè toupatou nan eta a ak atravè peyi.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418